

MONOKSID KABÒN (CO)

YON TIYÈ ENVIZIB

Monoksid kabòn (CO) se yon gaz ki pa gen koulè, pa gen sant, epi pa gen gou.



Pa gen koulè



Pa gen sant



Pa gen gou

Ou pa ka detekte li san yon aparèy espesyal.

Menm yon ti kantite ka danjere pou lasante.

Yon moun ki respire monoksid kabòn ka vin malad byen vit.
Sa rele entoksikasyon.

Kisa pou fè si gen entoksikasyon?

- Soti deyò.
- Rele 911.
- Tann ponpye yo anvan ou retounen andedan kay la.

Sentòm yo

Li posib pou mouri ak entoksikasyon CO.



Pèdi konesans

Tèt vire

Kè plen ak vomisman

Tèt fè mal

Fatig

[drspmtl.ca/
monoxyde-carbone](https://drspmtl.ca/monoxyde-carbone)

Québec



Ki kote CO soti?

Nan tout aparèy ki boule gaz, bwa, pwopàn, gazolin oswa mazout.



Recho kan



Recho babekyou



Jeneratris/dèlko



Zouti gazolin



Chofaj siplemantè



Recho gaz



Founo



Chemine



Machin

Prevansyon

- Mete detektè CO nan chak etaj ak toupre chanm yo.
- Teste detektè a regilyèman epi chanje pil yo.
- Sèvi ak recho babekyou oswa recho kan sèlman deyò.
- Mete jeneratris/dèlko yo deyò, lwen pòt ak fenèt.
- Fè tcheke aparèy yo chak ane pa yon espesyalis.